

Fason pou Itilize yon Founisè Sèvis Asistans nan zafè Imigrasyon

Konsèy pou Kliyan yo

Founisè Sèvis Asistans nan Afè Imigrasyon (ISP) se moun oswa biznis ki pa avoka epi ki reklame frè pou nenpòt kalite sèvis ki asosye ak imigrasyon. Paske lwa imigrasyon se lwa ki konplike, **ISP yo PA kalifye pou:**

- Di ou kijan pou ranpli aplikasyon pou yon sitiyasyon imigrasyon patikilye
- Konseye ou sou chans pou vin genyen yon sitiyasyon imigrasyon patikilye
- Ede ou prepare pou antrevi imigrasyon

Nòt: Yon [notè piblik](#) pa yon avoka epitou li pa kapab ofri sèvis ki endike anwo a.

Anvan ou ale nan biwo yon ISP

Pale avèk yon avoka oswa yon òganizasyon Konsèy Apèl Imigrasyon rekonèt konsènan sitiyasyon ou. Pale avèk yon avoka ki gen repitasyon konsènan sitiyasyon ou. Oswa eseye yon òganizasyon non-komèsyal ki gen repitasyon; anpil òganizasyon sa yo genyen avoka pami anplwaye yo oswa Board of Immigration Appeals rekonèt yo pou yo kapab reprezante ou nan pwosedi imigrasyon. **Konnen ki fòm ou dwe ranpli lè w ap antre nan biwo ISP la.**

Pou jwenn enfòmasyon sou konsèy oswa èd gratis oswa ki pa koute chè nan zafè imigrasyon, rele Liy Èd Imigrasyon Nouyòk nan nimewo (800) 566-7636 oswa (212) 419-3737.

Pou jwenn yon rekòmandasyon avoka, rele Asosyasyon Bawo Avoka vil Nouyòk nan nimewo (212) 626-7373.

Ou kapab jwenn tout fòm imigrasyon yo nan sit wèb Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Etazini: <http://www.uscis.gov/>

Pran Sèvis yon ISP sèlman pou:

- Tradui ak notarye dokiman
- Ede ou rasanble dokiman (tankou batistè oswa dosye lekòl)
- Tape fòm aplikasyon (men *pa* pou ba ou konsèy nan repons ou yo)
- Ranje foto oswa tès medikal
- Pran klas lang Angle oswa sivism

Pwoteje Tèt Ou

- Ale nan biwo ISP sèlman ki genyen adrès fizik. Pa janm itilize yon ISP ou kapab jwenn nan telefòn oswa nan imèl sèlman.
- Pa kwè okenn ISP ki fè w konnen li genyen enfluyans espesyal avèk otorite imigrasyon yo.
- ISP yo dwe siyen yon kontra ekri avèk ou anvan yo ba ou sèvis yo. Asire ou li kontra a anvan ou siyen li epitou sere yon kopi pou dosye ou.
- Pa kite dokiman orijinal ou yo (tankou sètifika maryaj) nan biwo yon ISP. Bay kopi alapas orijinal yo.
- Pa peye davans pou sèvis la. Peye sèlman apre ISP a fin fè travay la.
- Mande yon resi ki ekri. Asire resi a genyen ladan non ak adrès ISP a.
- Pa siyen okenn fòm vid oswa fòm ki pa konplè, epitou ensiste pou ISP a siyen nenpòt fòm ISP a prepare pou ou.
- Asire ISP a genyen yon garanti, angajman pou peye domaj-enterè, oswa lèt kredi. Note non ak enfòmasyon kontak konpayi garanti a oswa labank. Si ISP a pa ba ou yon ranbousman li dwe ou oswa li deranje ou nan yon lòt fason, ou kapab fè yon reklamasyon. Si ISP pa genyen yon garanti oswa si li p ap ba ou enfòmasyon sou garanti li, itilize yon lòt biznis.

Rele 311 pou pote plent sou yon biznis ki ofri sèvis imigrasyon. Ou pa oblije fè konnen non ou oswa sitiyasyon imigrasyon ou pou kapab fè plent. 311 kapab resevwa apèl nan plizyè lang diferan. Ou kapab pote plent tou sou entènèt oswa ou kapab transfere [lwa](#) vil Nouyòk ki gouvènè founisè sèvis imigrasyon avèk yon [modèl kontra](#).

Rele 311 oswa ale sou sit wèb <http://www.courts.state.ny.us/> (Komite Disiplin Avoka/Komite Doleyan) pou pote plent konsènan yon avoka.